



# Syans nan Kwizin

## Kromatografi fèy otòn


Kromatografi se syans pou separe melanj. Nan senp eksperimentasyon sa, revele pigman ki kache ki fè fèy otòn yo gen koulè ke yo genyen an.

### Eksperimentasyon sa mande pou gen sipèvizyon yon granmoun.

#### Kisa ke ou bezwen:

- Fèy otòn, diferan koulè (plizyè de chak koulè)
- Yon ti vè oubyen bokal (tankou jele oubyen bokal manje bebe)
- Kouvèti pou bokal lan, li kapab aliminyòm oubyen yon vlope plastik
- Alkòl\*
- Filtè pou kafe
- Chodyè ki fon, oubyen bòl
- Dlo cho
- Kiyè bwa/kir dan
- Kiyè, oubyen zouti pou graje fèy

\* Tanpri sèvi ak alkòl la ak prekosyon e li etikèt boutèy alkòl lan pou okenn avètisman.



#### Kisa pou fè:

1. Ranmase plizyè fèy ki diferan koulè. Eseye kolekte plizyè fèy menm koulè, preferabman ozalantou de menm pye bwa. Chire oubyen koupe fèy yo an ti pyès e mete yo nan ti bokal selon koulè yo. Sèvi ak dèyè kiyè an oubyen lòt zouti pou pi graje fèy yo.
  - Si ou idantifye tip de fèy yo, make bokal yo ak non ak/oubyen lokasyon fèy ke ou ranmase yo.
2. Ak anpil atasyon, ajoute ase alkòl nan chak bokal pou kouvri fèy yo.



3. Kouvri bokal yo on ti jan lach ak vlope plastik oubyen papye aliminyòm. Plase bokal lan ak atasyon nan yon plato ki fon ki gen apeprè 1 pous dlo cho.

4. Kenbe bokal la nan dlo an pou o mwen yon demi è de tan, pi long si nesesè, jiskaskè alkòl la vinn kolore (plis li fonsè, plis li bon) Souke chak bokal dousman e souvan.

5. Koupe yon moso papye filtè kafe ki long, pou chak bokal yo.

- Ou kapab make sa yo tou, tankou bokal yo.

6. Retire bokal yo nan dlo an e dekouvri yo. Plase yon moso papye filtè kafe nan chak bokal pou ke yon pwent kapab nan alkòl. Eseye fè youn takou foto ki pa anba:



7. Kite filtè a chita nan fèy la e solisyon alkòl pou 30-90 minit (oubyen pi long). Kisa ke ou konstate lè alkòl la monte nan filtè kafe a? Apre yon tan, ou sipoze wè diferan koulè tankou jòn, oranj, rouj, oubyen vèt, depandan de tip fèy lan.

8. Retire moso papye an, kite'l sèch epi tepe yo nan yon pyès papye ki vid.

Pigman sa yo ede fèy yo absorbe limyè ki nesesè pou fotosentesis, e li bay fèy yo koulè yo:

- Klorofil - Vèt
- Antosyanin - rouj/mòv
- Karotenoyid - oranj
- Zantofil - jòn